



American Heart Association®

Cardiovascular-Kidney-Metabolic
Health Initiative™

Sante kadyovaskilè-Ren/Metabolik (Sante CKM) Jwèt Korespondans Tès

Konnen tès ki ede w kontwole sante kadyovaskilè w (kè), ren ak sante metabolik ou (fason kò w pwodui, konsève ak itilize enèji).

Sante kadyovaskilè (C), ren (K) ak sistèm metabolik la (M) travay ansanm. Senp tès sa yo ka ba w kèk lide sou sante CKM ou an ak ki kote ou ta ka konsantre sou yo apre sa.

Pou jwe, desinen yon liy pou koresponn chak atik ak korespondans li a nan chak kolòn:
Non tès la → Ki sistèm li verifye → Poukisa li enpòtan

Non Tès la


- 1 Tansyon
- 2 HbA1c (ki rele tou Hemoglobin A1c oswa senpleman A1c)
- 3 Glikoz nan san an san manje (sik)
- 4 Estimasyon to filtrasyon glomerilè (eGFR)
- 5 Rapò albimin- kreyatinin nan pipi (UACR)
- 6 Gwoup lipid (kolestewòl ak trigliserid)
- 7 Endis Mas Kò (BMI)
- 8 Sikonferans anch

Kisa Li Verifye

- A. Fason ren w yo filtre dlo nan san an
- B. Kontwòl sik nan san w an mwayèn pandan 3 dènye mwa yo
- C. Fòs ki pouse kont pawa veso sangen w yo
- D. Nivo grès nan san w
- E. Pwoteyin k ap koule nan pipi w
- F. Pwa kò w parapò ak wotè w
- G. Distans ozalantou vant ou pou evalye gwosè kò w
- H. Kantite sik nan san w pandan w ap fè tès la

Poukisa Li Enpòtan pou Sante CKM/Swen

- I. Tansyon wo ka andomaje veso sangen w yo, kè w ak ren w yo.
- J. Ede idantifye modèl sik nan san alontèm yo epi montre risk pou kondisyon tankou dyabèt Tip 2 ki ka andomaje kè w ak ren w pi devan
- K. Montre domaj ren yo byen bonè epi ede evalye risk sante kè w (menm lè ou santi w OK)
- L. Ede evalye sante metabolik la ak risk pou maladi kè
- M. Endike nivo fonksyon ren w yo (an sante, arisk oswa maladi ren)
- N. Pwa anplis ka ogmante risk ou pou fè maladi kè, ren ak kondisyon metabolik yo
- O. Mezi onivo vant ou ki wo gen rapò ak ogmantasyon risk pou sante, sitou pou sante kè
- P. Li ka ede detekte pwoblèm nan nivo sik nan san yo epi evalye sante metabolik ak risk pou dyabèt Tip 2 yo





American Heart Association®

Cardiovascular-Kidney-Metabolic
Health Initiative™

Pati Bonis: Vre oswa Fo

☐ VRÈ

☐ FO

Sante CKM se sèlman yon ògàn.

☐ VRÈ

☐ FO

Maladi ren toujou genyen sentòm.

☐ VRÈ


☐ FO

Lè yon moun bese tansyon
l sa ka ede pwoteje sante ren yo.

☐ VRÈ

☐ FO

Ti chanjman nan mòdvi ka ede bese
pwogresyon sendwòm CKM nan.



Lè ou konnen ki tès ki kontwole sante CKM ou an sa ka ede w:



Konprann risk ou genyen pou sendwòm metabolik
ren kadyovaskilè (sendwòm CKM)



Anpeche pwogresyon risk la



Pwoteje kè w, ren w ak sistèm metabolik yo

***Pale ak ekip swen ou an sou fason
pou tcheke sante CKM ou jodi a.***



Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite:

heart.org/myckmhealth “(sitwèb an Anglè)”

Kle pou Repons lan

Jwèt Korespondans

1 → C → I

2 → B → J

3 → H → P

4 → A → M

5 → E → K

6 → D → L

7 → F → N

8 → G → O

Vre oswa Fo

Fo, Fo, Vrè, Vrè

Inisyativ Sante Kadyovaskilè-Ren-Metabolik American Heart Association an vin posib grasa Esponnsò Fondatè yo Novo Nordisk ak Boehringer Ingelheim, ansanm ak Esponnsò Sipòtè Novartis Pharmaceuticals Corporation ak Bayer.

ESPONNSÒ FONDATÈ

ESPONNSÒ SIPÒTÈ

